
MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

Moun Ki Voye li: Nathan Kuder
Ofisye Finansye An Chèf

SIJÈ: Sibvansyon pou Apwobasyon

DAT: 15 Novanm 2023

Atache, w ap jwenn sibvansyon pou apwobasyon pa Komite Lekòl la nan dat 15 Novanm 2023. Divès kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou ou egzamine epi te depoze bò kote Biwo Sekretè Komite Lekòl la.

Lekòl Piblik Boston yo

Komite Lekòl Boston

Vil Boston

Mary Skipper, Sipèrèntandan

Jeri Robinson, Prezidan

Michelle Wu, Majistra



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL LA

15 Novanm 2023

| Montan | Ane Fiska l | Non Sibvansyon an | Estati | Direktè Finansman | Domèn Konsantrasyon (yo) | Sit |
|------------------|-------------|--|-------------|-------------------|--------------------------|--|
| 40 940\$ | 2024 | Jwe antan ke yon Pratik Pedagojik pou 21 ^{em} CCLC | Kontinyite | TeeAra Dias | Ti Anfans | Nan Tout Distri a |
| 334 880\$ | 2024 | Playful Learning Institute, Preskolè jiska 3 ^{em} Ane | Kontinyite | TeeAra Dias | Ti Anfans | Nan Tout Distri a |
| 30 000\$ | 2024 | Literasi Fanmi ENB | Renouvèlman | Kristen D'Avolio | Fòmasyon pou Granmoun | Edikasyon Adilt, Sant Aprantisaj Adilt |
| 50 000\$ | 2024 | Pratik Pwometan MassGrad – FC 320 BATA | Renouvèlman | Benjamin Helfat | Arisk | BATA |
| 50 000\$ | 2024 | Pratik Pwometan MassGrad – FC 320 BINCA | Renouvèlman | Tony King | Arisk | BINCA |
| 505 820\$ | | Total | | | | |

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS23695

Èske ou te ranpli fòmilè Entansyon pou Aplike a: WI

Si non: tanpri retade soumisyon an jiskaske fòmilè Entansyon pou Aplike a fin ranpli ak apwouve.

Èske sibvansyon an apwouve/akòde? WI

Si Non: tanpri retade soumisyon fon sa jiskaske aplikasyon an fin apwouve.

Si Wi, tanpri atche yon lèt/imel atribisyon epi kontinye ranpli fòmilè sa.

Non Sibvansyon: Jwe antan ke yon Pratik pedagojik pou 21èm CCLC_ MADOE-19MASFSKR1

Estat: Kontinyite

Si se Renouvèlman/Kontinyite: Kontinyite

Ki kantite Renouvèlman/Kontinyasyon an: 40 940\$ - Ane 2

Tip Sibvansyon: Òf Kontra **Dat Kòmansman ak Dat Finisman:** 1 Jiyè 2023 - 30 Jen 2024

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Karyl Resnick, Kowòdonatè Sant Aprantisaj Kominotè 21èm Syèk

Adrès Moun K ap Ede a: MA DESE Office of Student & Family Support, 75 Pleasant St, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781- 338- 6372

Imel Donatè a: dtraynham@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman pou Preparasyon Anfans

Direktè Pwogram BPS la: TeeAra Dias

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: TeeAra Dias

Montan Anyèl Pri a Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 92 575,00\$

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki jwenn sèvis: Depatman pou Preparasyon Anfans

Sit yo: Depatman pou Preparasyon Anfans

Kijan yo te chwazi sit sa yo? pa aplikab

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen): Pwogram MA DESE ak 21èm CCLC

Priyorite:

Ofri bay timoun yo divès pwogram andeyò lè klas yo (nan kad yon pwogram paraskolè 21èm CCLC) ki wot kalite, ki adapte ak devlopman, adapte ak kilti epi dirab, epi ki reponn ak bezwen tout timoun yo nan yon apwòch konsepsyon inivèsèl.

Sipòte edikatè yo pou itilize Pwogram Lete BPS Focus pou premye ane a, kote elèv yo pral pratike konpetans literè, matematik, etid sosyal yo, ak syans yo, pandan y ap kiltive aprantisaj sosyal ak emosyonèl pa yo.

Objektif:

100% pral kouvri kou pòs Ti Anfans ranbousab yo pou founi yon devlopman pwofesyonèl pou pwogram sibvansyone 21èm CCLC yo antan ke yon Estrateji ansèyman ak Aprantisaj.

Rezilta ki swete yo:

- Soutyen pou mizannèv ak konsiltasyon sou Jwèt kòm Pratik Pedagojik pou pwogram patisipan 21èm CCLC yo.
- Evalye bezwen ak adapte pwogram lete Focus ki egziste a pou pilote nan pwogram CCLC patisipan yo.
- Kontribiye pou apwofondisman aprantisaj elèv yo nan pwogram ki finanse pa divès sibvansyon MA 21èm CCLC nan lide pou pi byen aliye sou pratik apwopriye yo ak devlopman elèv nan klas k-3.

Si sibvansyon an se yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri bay yon deskripsyon tou kout sou sa nou jwenn yo jiska jodi a, ansanm avèk (a) ki chanjman n ap konstate? (b) Kòman sa ap chanje pratik vanse vè lavan nou an:

Nou ap founi yon devlopman pwofesyonèl ki bati ak elaji sou devlopman pwofesyonèl ak pilòt lete ane avan. Ane sa, nou ap pilote yon kourikoulòm ki aliye avèk pratik pedagojik jounen lekòl yo epi ki adapte pou mete an èv pandan lè deyò lekòl la nan pwogram 21èm CCLC yo, ane lekòl ak pi bon. Nou ap swete pou timoun yo viv yon eksperyans kontinyite pratik pedagojik yo, apati de ane lekòl la, gras ak pwogram lè deyò lekòl yo.

Si sibvansyon an ap diminye/Ogmante, tanpri, di rezon an (yo) ki koz sa: pa aplikab

Si se pa yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib: pa aplikab

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Nan Out 2023, 80% patisipan yo pral fini pwojè pilòt lete pwogram BPS Summer Early Focus (Konsantrasyon Bonè Lete BPS) 5 semèn. Yo pral pote divès amelyorasyon endividyèl nan pwogram pou adapte ak kontèks pa yo.

Endikatè: Rezilta ankèt avan ak apre pwogram lan, fèy koneksyon nan lè biwo yo

Objektif #2: Nan Jen 2024, 80% patisipan yo pral fini pwojè pilòt Ane lekòl pwogram BPS Summer Early Focus (Konsantrasyon Bonè Lete BPS) 8 semèn sou 1ye Inite kourikoulòm. Yo pral pilote divès Resous nan Kominote nou yo epi edikatè pral fè divès amelyorasyon endividyèl nan pwogram pou adapte ak kontèks pa yo.

Endikatè: Sondaj/prezans PD, lè biwo siyen nan fèy yo

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliye avèk domèn konsantrasyon distri (**tanpri konplete seksyon sa konplètman**):

- **Priorize ak akselere pèfòmans akademik yo :** Sibvansyon yo soutni rezilta lekòl timoun yo nan founi yon fòmasyon ak yon asistans teknik nan entegre divès opòtinite pou pratike literasi pwogram 21^{èm} CCLC yo pou mete an èv kourikoulòm lan ki kiltirèlman pètinan, rich avèk tèks yo e ak konvèsasyon yo, ak nan entegre divès opòtinite pou pratike literasi ak matematik andeyò jounen lekòl tipik la.
- **Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl :** Paskè kourikoulòm lan gen ladan yon travay ki baze sou pwojè, timoun ki angaje nan aprantisaj, nan travay an kolaborasyon, devlope divès relasyon avèk kamarad yo, konpetans nan rezolisyon

pwoblèm ak nan panse kritik. Yo bezwen diskite, fè deba, pataje, konpwomèt, ak fè tande opinyon pa yo. Kourikoulòm lan gen ladan l tou divès reyinyon kominote, aktivite entansyonèl fonde sou devlopman sans-de-swa ak kominote lakay timoun yo.

- **Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo :** Sibvansyon an ap sipòte divès pwogram ak divès salklas sekirize ki gen ekipman ak materyèl ki konfòm ak nòm endistri yo.
- **Devlope divès Pratik Otantik pou Angajman Familyal ak Kominotè :** Kourikoulòm lan ofri divès ide pou angaje fanmi yo nan divès fason otantik epi envite yo nan salklas la pou pataje nan aprantisaj la.
- **Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo:** Kourikoulòm lan ofri divès plan ak sipò pou kominike avèk entèvenan yo ki gen ladan yo fanmi yo, manm kominote yo, patnè yo. Yon pati nan Inite pwogram etid la envite timoun yo aprann espesyalman konsènan divès resous. Sa egzije timoun yo fè rechèch ak mennen divès aksyon sansibilizasyon nan pwogram yo.
- **Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo** Pwogram 21^{èm} CCLC yo itilize zouti ankèt sou rezilta lekòl yo ak divès Jèn Devlope pa DESE, baze sou rechèch pou kolekte divès done sou tout elèv y ap sèvi yo.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo. pa aplikab

Èske ou pral patisipe nan reyinyon komite lekòl la pou diskite sou sibvansyon sa? W/ N. Si Non, tanpri founi non ak enfòmasyon sou kontak pou moun ki deziye a.

Wi - TeeAra Dias

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA - BPS23696

Èske ou te ranpli fòmilè Entansyon pou Aplike a: WI

Si non: tanpri retade soumisyon an jiskaske fòmilè Entansyon pou Aplike a fin ranpli ak apwouve.

Èske sibvansyon an apwouve/akòde? WI

Si Non: tanpri retade soumisyon fon sa jiskaske aplikasyon an fin apwouve.

Si Wi, tanpri atche yon lèt/imel atribisyon epi kontinye ranpli fòmilè sa.

Non Sibvansyon: MADOE-23SFSDT1_Playful Learning Institute, Preskolè jiska 3èm Ane

Estat: Kontinyite

Si se Renouvèlman/Kontinyite: Kontinyite

Ki kantite Renouvèlman/Kontinyasyon an: 334 880,00\$ - Ane 2

Tip Sibvansyon: Òf Kontra Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1 Jiyè 2023 - 30 Jen 2024

Sous Finansman: Eta

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Donna Traynham, Chèf Ekip Aprantisaj Ti Anfans

Adrès Moun K ap Ede a: MA DESE Office of Student & Family Support, 75 Pleasant St, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781- 338- 6372

Imel moun k ap ede a: dtraynham@doe.mass.edu

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Depatman pou Preparasyon Anfans

Direktè Pwogram BPS la: Megina Baker / David Ramsey

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: TeeAra Dias

Montan Anyèl Pri a Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 339 480\$

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki jwenn sèvis: Depatman pou Preparasyon Anfans

Sit yo: Depatman pou Preparasyon Anfans

Kijan yo te chwazi sit sa yo? pa aplikab

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen): MA DESE

Priyorite:

Ekipe edikatè Ti Anfans yo, administratè lekòl yo ak distri zouti ak estrateji pou pi byen konprann kisa aprantisaj pa jwèt ye, kòman pou konsevwa ak mete an èv entansyonèlman yon jan pou angajman ak aprantisaj elèv yo nan klas ti anfans yo amelyore ak avanse.

Devlope yon Enstiti Aprantisaj pa Jwèt pou Preskolè jiska 3èm ane, edikatè ak administratè ki santre sou jwèt ak aprantisaj nan literasi, matematik, syans, etid sosyal, sante ak byennèt pou elèv ki pi jèn Commonwealth yo.

Objektif:

Kontra ap finanse de (2) Antrenè Ti Anfans pou elaji aksè ak aprantisaj pa jwèt bay elèv Pre-K jiska 3èm ane yo nan tout commonwealth of Massachusetts, Edikatè k ap patisipe nan senk distri yo pral jwenn zouti ak divès estrateji pou konsevwa entansyonèlman epi entegre aprantisaj pa jwèt la pandan tout jounen an. Nan chak distri, 10 salklas (2 nan chak nivo klas soti depi nan Pre-K rive nan 3èm ane) pral angaje nan devlopman pwofesyonèl ak ankadreman regilye pou aplike Pratik Aprantisaj pa Jwèt yo nan pwogram Aksan sou Aprantisaj Bonè Lekòl Piblik Boston yo (Boston Public Schools' Focus). Aprantisaj pa Jwèt la pèmèt apwofondi kontni, kreye aksè ekita ak aprantisaj pou tout timoun yo, epi kreye plizyè opòtinite varye pou evalyasyon otantik, an patikilye pandan blòk pedagogik yo nan tout matyè yo.

Rezilta ki swete yo:

Yon mizannèy reyisi siyifi ke tout salklas k ap patisipe yo depi nan Pre-K rive nan 3èm ane pral aplike kourikoulòm Aksan sou Aprantisaj Bonè oubyen pou pi piti de (2) pratik aprantisaj pa jwèt (Sant yo/Estidyo yo, Lekti/Tèks Aloral, Reyinyon Kominote, Rakonte Kont ak Miz an sèn Istwa, Refleksyon ak Kòmantè, oubyen Ekriti) nan kad woutin regilye chak jou oubyen chak semèn nan salklas yo.

Si sibvansyon an se yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri bay yon deskripsyon tou kout sou sa nou jwenn yo jiska jodi a, ansanm avèk (a) ki chanjman n ap konstate? (b) Kòman sa ap chanje pratik vanse vè lavan nou an:

Mantalite edikatè ak administratè yo konsènan aprantisaj pa jwèt ap evolye toutotan pwofesè yo angaje nan pwogram Focus la epi estrateji pedagogik yo entegre nan pwogram lan. Pratik salklas yo vin gen plis jwèt epi elèv yo vin plis angaje pwofondeman nan ansèyman ki ap fèt la.

Si sibvansyon an ap diminye/Ogmante, tanpri, di rezon an (yo) ki koz sa: pa aplikab

Si se pa yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib: pa aplikab

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Avan Jen 2024, edikatè yo, administratè lekòl yo ak administratè distri k ap patisipe nan Enstiti Aprantisaj Jwèt MA(MA Playful Learning Institute) pral resevwa yon ankadreman pwogram nan objektif pou soutni aplikasyon pratik pedagogik ki soutni aprantisaj pa jwèt la.

Endikatè: Jounal PD yo

Nòt konsènan Endikatè yo: Anplis de sous done yo site nan endikatè ki anwo yo, yon founisè twazyèm pati Depatman Ansèyman Primè ak Segondè rekrute pral evalye Playful Learning Institute. Yo pral kolekte done yo gras ak divès ankèt, antretyen/gwoup konsantrasyon ak obsèvasyon nan salklas pou detèmine enpak devlopman ak ankadreman pwofesyonèl.

Objektif #2: Avan Jen 2024, antrenè PLI yo ak pèsònèl DESE yo pral travay ansanm pou pwopoze 8-10 kominote pratik ak/oubyen atelye ki lye ak aprantisaj pa jwèt pou ekip lekòl k ap patisipe yo ak/oubyen lòt distri yo nan Commonwealth.

Endikatè: Pwogram lajounen kominote pratik/atelye yo ak jounal prezans yo
Tanpri, prapize kòmman sibvansyon sa aliye avèk domèn konsantrasyon distri (**tanpri konplete seksyon sa konplètman**):

- **Priorize ak Akselere Pèfòmans Akademik-** Playful Learning Institute sipòte pwofesè yo pou itilize yon pwogram baze sou rechèch ak divès pratik pedagogik aprantisaj pa jwèt pou akselere pèfòmans akademik elèv yo.
- **Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl-** Playful Learning Institute *ki gen ladan l yon anfas sou byennèt sosyal ak emosyonèl elèv yo nan ogmante aksè ak jwèt, eksperyans plen konsyans, ak opòtinite aprantisaj sosyal ak emosyonèl ki antrelase pandan tout Pwogram Aksan sou Aprantisaj Ti Anfans lan.*
- **Rasyonnalize Operasyon yo epi Asire Sekirite Elèv-** Playful Learning Institute soutni rasyonnalizasyon aliyman pwogram ak pratik pedagogik yo atravè nivo yo. Sekirite elèv yo ranfòse nan amelyore sekirite emosyonèl nan salklas la pandan pratik yo tankou Reyinyon Kominote chak jou yo.
- **Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè -** kourikoulòm konsantrasyon an sipòte pa sibvansyon ki gen ladan l divès pratik angajman fanmi yo nan tout nivo klas yo, avèk divès Lyen vè Fanmi an ak divès Lèt Familyal ki founi, menm jan ak sijesyon angajman familyal pou chak inite etid.
- **Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo e ak Pèsonèl la-** Playful Learning Institute ofri an patenarya avèk Depatman Ansèyman Primè ak Segondè, konsa amelyore kominikasyon ak aliyman ant Boston ak objektif edikasyon Eta yo. Anplis, nati transvèsal travay la, ki etann depi nan Pre-K jiska 3èm ane, amelyore kominikasyon nan ak pami ekip nivo klas edikatè yo.
- **Ogmante Responsabilite pou tou de (2) Biwo Santral yo ak Lekòl nou yo -** Divès mezi responsabilite Eta pou pakou yo anplas gras ak yon evalyasyon kontini ki mennen pa yon evalyatè ekstèn.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resewa fon yo. pa aplikab

Èske ou pral patisipe nan reyinyon komite lekòl la pou diskite sou sibvansyon sa? W/ N. Si Non, tanpri founi non ak enfòmasyon sou kontak pou moun ki deziye a.

Wi - TeeAra Dias

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BPS231473

Èske ou te ranpli fòmilè Entansyon pou Aplike a: Wi

Si non: tanpri retade soumisyon an jiskaske fòmilè Entansyon pou Aplike a fin ranpli ak apwouve.

Èske sibvansyon an apwouve/akòde? Wi

Si Non: tanpri retade soumisyon fon sa jiskaske aplikasyon an fin apwouve.

Si Wi, tanpri atche yon lèt/imel atribisyon epi kontinye ranpli fòmilè sa.

Lèt angajman

Non Sibvansyon: Literasi Fanmi ENB

Estati: Nouvo/Renovèlman/Kontinyite: Renovèlman

Si se Renovèlman/Kontinyite:

Ki kantite Renovèlman/Kontinyasyon an: 30 000 \$

Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 1ye Septanm 2023 rive 30 Jen 2024

Sous Finansman: Prive

Non Kontak la: Claudia Greene, Direktè Egzekitif

Adrès: 105 Chauncey Street, Boston, MA 02111

Telefòn 617-982-6862

Imel: cgreene@englishfornewbostonians.org

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Non Kontak la: Claudia Greene, Direktè Egzekitif

Adrès Moun K ap Ede a: Adrès:105 Chauncey Street, Boston, MA 02111

Telefòn moun k'ap ede a: Telefòn: 617- 982- 6862

Imel moun k ap ede a: Imel: cgreene@englishfornewbostonians.orgg

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Edikasyon pou Adilt BPS

Direktè Pwogram BPS la: Kristen D'Avolio

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Kristen D'Avolio

Montan Anyèl Pri a Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): N?S

Opsyon pou Repò a: Non

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki jwenn sèvis: 20

Sit:Edikasyon Adilt BPS, Sant Aprantisaj Adilt

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Sibvansyon an dwe sèvi elèv adilt yo, yon jan pou li chita nan Edikasyon Adilt yo

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen): Teknoloji Antre Lakay

Priyorite: Ansèyman nan Lang Anglè pou paran yo

Objektif: Anglè pou Nouvo Bostonyen yo founi sipò pou yon ESOL pou Paran yo ak titè an patenarya avèk Edikasyon Adilt BPS. Jiska 20 paran kapab pran yon kou ESOL pou soutni aprantisaj timoun pa yo nan Lekòl Piblik Boston.à Edikasyon Adilt BPS te reyisi fè patenarya avèk ENB sou sibvansyon sa pou plizyè ane.

Rezilta ki swete yo: Rezilta swete sibvansyon sa gen ladan yo: 1) ofri manm kominote yo yon opòtinite pou aprann anglè; ak 2) nan founi paran imigran yo konesans ak konpetans pou angaje pozitivman avèk pwofesè ak lekòl timoun yo. Rezilta sa yo lye ak objektif prensipal twa BPS ki souliye enpòtans vwa paran.

Objektif #1: Pandan Ane Fiskal 2024 an 65% nan elèv ESOL adilt ki enskri pral montre yon amelyorasyon nan konpetans pale, tandè ak literasi yo, jan sa mezire pa BestPLUS ak TABE Class-E.

Endikatè: Nòt tèss pou Ane Fiskal 2024 la.

Objektif #2: Nan Fiskal 2024 la, 70% paran ki enskri pral bay rapò sou vizit lekòl pitit pa yo ak/oubyen reyinyon avèk pwofesè yo.

Endikatè: Paran yo pral evalye tèss yo pandan diskisyon klas yo ak nan konferans 1:1 an.

Si sibvansyon an se yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri bay yon deskripsyon tou kout sou sa nou jwenn yo jiska jodi a, ansanm avèk (a) ki chanjman n ap konstate? (b) Kòman sa ap chanje pratik vance vè lavan nou an:

Non Aplikab

Si sibvansyon an ap diminye/Ogmante, tanpri, di rezon an (yo) ki koz sa:

Non Aplikab

Si se pa yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib: 15 Septanm 2024

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliye avèk domèn konsantrasyon distri (tanpri konplete seksyon sa konplètman):

Developing/Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè - sibvansyon an sipòte plan pou angaje fanmi yo nan kominote lekòl la. Nan sipòte paran Boston yo nan aprantisaj anglè, nou ap ba yo zouti lengwistik nesèsè pou yo enplike plènmnan nan kominote pa yo ak nan lekòl pitit pa yo.

Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo- sibvansyon an sipòte plan pou kominike avèk entèvenan yo ki gen ladan yo fanmi yo. Nan sipòte paran Boston yo nan aprantisaj anglè, nou ap ba yo zouti lengwistik nesèsè pou yo enplike plènmnan nan kominote pa yo ak nan lekòl pitit pa yo.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

Èske ou pral patisipe nan reyinyon komite lekòl la pou diskite sou sibvansyon sa? Si Non, tanpri founi non ak enfòmasyon sou kontak pou moun ki deziye a.Wi

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BATA BPS24540

Èske ou te ranpli fòmilè Entansyon pou Aplike a: Wi

Si non: tanpri retade soumisyon an jiskaske fòmilè Entansyon pou Aplike a fin ranpli ak apwouve.

Èske sibvansyon an apwouve/akòde? Wi

Si Non: tanpri retade soumisyon fon sa jiskaske aplikasyon an fin apwouve.

Si Wi, tanpri atche yon lèt/imel atribisyon epi kontinye ranpli fòmilè sa.

Non Sibvansyon: FC320 Pratik ki Pwomèt nan MassGrad

Estat: Nouvo/Renovèlman/Kontinyite: Renovèlman

Si se Renovèlman/Kontinyite:

Ki kantite Renovèlman/Kontinyasyon an:

Tip Sibvansyon: Konpetitif

Sous Finansman: DESE

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Lisa Harney

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781- 338- 3903

Imel moun k ap ede a: Lisa.M.Harney@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Boston Adult Technical Academy

Direktè Pwogram BPS la: Benjamin Helfat

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Benjamin Helfat

Montan Anyèl Pri a Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 50 000\$

Opsyon pou Repò a: Okenn

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki jwenn sèvis: 150

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Envitasyon Eta baze sou bezwen nan kesyon to abandone Lekòl

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen):

Priyorite:

Akademi Teknik Adilt Boston (Boston Adult Technical Academy, BATA) se yon lekòl segondè altènatif pou elèv yo ant laj 19-22 ane. Kòm yon gran kantite elèv nou yo soti nan kominote moun koulè ak/oubyen fanmi imigran yo epi yo se Aprenan Lang Anglè (English Language Learners, ELL), travay nou an pwofondeman anrasinen nan jistis sosyal, rasyal ak ekonomik. Elèv nou yo vin jwenn nou tou depase laj oubyen te fè fas ak difikilte siyifikatif nan lekòl avan yo; konsa, yon pati enpòtan nan travay nou se idantifye, konprann, ak retire baryè komen baze nan lekòl yo ki te limite chwa ak opòtinite pa yo. Nou founi yon eksperyans

edikatif san danje, anrichisan, santre sou elèv la epi ki kiltirèlman afime, ki pèmèt ak jèn adilt yo santi yo otonòm epi akeri rapidman konpetans nesèsè yo pou jwenn diplòm etid segondè pa yo pandan n ap pozisyon yo kòm divès ajans chanjman kominotè investi nan pwòp reyisit pòs-segondè pa yo.

Nou konnen ke elèv nou yo te afekte yon jan dispwopòsyone pa alafwa pandemi an ak peryòd repriz ki te swiv la. Nou ta renmen kreye yon sistèm a de (2) volè pou abòde alafwa bezwen sosyo-emosyonèl pa yo e ak bezwen rekiperasyon akademik pa yo.

1) Nou pral aplike yon laboratwa aprantisaj aprè lekòl ke pèsone sipò nou an ap jere, Nan founi yon alokasyon bay pèsone sipò aktyèl nou an pou fè travay konekte elèv nou yo ak resous yo nan kominote a (ki gen ladan yo lekòl la) nou pral kapab pi byen sipòte elèv yo). Avèk divès èdtan adisyonèl, nou pral kapab atenn plis elèv, espesyalman sa yo ki ap travay oubyen ki gen timoun. Menm si travay sa ap dewoule nan yon sèten mezi pandan jounen lekòl la, alokasyon sa t ap pèmèt nou atenn plis elèv, espesyalman sa yo nou pa ka atenn pandan jounen akademi an. Anplis, li pral pèmèt manm pèsone la ki deja gen yon relasyon avèk eè yo pou kontakte pou konekte yo plis avèk lekòl la.

2) Nou pral kreye yon pòs atan pasyèl pou yon kowòdonatè mantora pou ede mete an relasyon chak elèv avèk yon mantò anyen elèv. Sa pral soutni elèv ki gen yon relasyon kamarad a kamarad ki pral ede elèv la rete konekte ak BATA epi navige alafwa nan lekòl la ak lòt obstak lavi ki kapab kenbe yo lwen lekòl la. Nou kwè ke tou (2) entèkansyon sa yo pral kapab travay ansanm pou kreye divès sipò ki pral kenbe elèv yo angaje ak reyisi nan BATA.

Objektif:

BATA se yon lekòl ki sèvi prensipal elèv majinalize yo nan Boston. 99% elèv nou yo se elèv koulè. Plis pase 70% se Aprenan Miltileng epi plis pase 50% nan ML yo se nouvo pou peyi a. Lekòl nou an espesyalman konsevwa avèk bezwen elèv sa yo nan tèt yo, epi nou estriktire pou founi tan sipò ak fleksibilite adisyonèl, yon jan pou yo kapab rete angaje ak gradye avèk reyisit. Malerezman, menm nan popilasyon nou ap sèvi a, genyen elèv ki gen plis bezwen sibstansyèl ki bezwen ankò sipò pi apwofondi pou yo reyisi. Laboratwa Aprantisaj ansanm ak konpozan Mantora pral soutni elèv yo, men pral pèmèt nou reponn avèk plis vitès ankò, deksterite, ak konpetans pou elèv nou yo ki gen plis bezwen yo epi ki santi yo mwens konekte yo

Rezilta ki swete yo:

Objektif #1: Nan 2022-23, an mwayèn 17% elèv yo te gen to prezans chak mwa anba 40% avèk yon varyasyon an pwen pousantaj 23% yon mwa a lòt la. Avèk sipò entèkansyon sa yo, objektif nou se pou redwi to prezans chak mwa an mwayèn pa 5% (rive 12%) epi redwi laj gam chak mwa 10% (rive 13%) avan Jen (30 Jen 2024) 2024. Sa t ap vle di ke kantite elèv anba 40% prezans chak mwa pral ant 5% ak 18%.

Objektif #2: An 2022-23, an mwayèn, 22% elèv ki etikete “pa sou bòn vwa” paske yo pa t reyisi plis pase twa ka nan kou pa yo. Avèk sipò entèkansyon sa yo, objektif nou se pou redwi mwayèn elèv “pa sou bòn vwa” yo an mwens pase 15% san okenn trimès pa deklare yon to siperyè a 20%, avan fen ane a.

Si sibvansyon an se yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri bay yon deskripsyon tou kout sou sa nou jwenn yo jiska jodi a, ansanm avèk (a) ki chanjman n ap konstate? (b) Kòman sa ap chanje pratik vanse vè lavan nou an:

Si sibvansyon an ap diminye/Ogmante, tanpri, di rezon an (yo) ki koz sa:

Si se pa yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib:

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliye avèk domèn konsantrasyon distri (*tanpri konplete seksyon sa konplètman*):

Priorize ak akselere pèfòmans akademik yo

BATA ap chache nan done prezans chak mwa menm jan ak done kou yo chak de (2) mwa. Done sa yo trè enpòtan pou pwosesis nou an pou idantifye elèv ki bezwen sipò menm jan ak yon mwayen pou idantifye avèk kilès nou pral gen konferans ka pou konnen ki kote nou kapab pi byen soutni elèv yo. Pandan genyen plizyè rezon ke nou wè elèv yo dezangaje nan lekòl, nou te jwenn ke an jeneral, relasyon batiman yo ak sipò yo se pi bon fason pou wè tou (2) mezi sa yo amelyore.

BATA te mete an èv entèkansyon Laboratwa Aprantisaj nou an pou kèk ane kounye a, epi te jwenn ke li te pi efikas pou divès kontwol jeneral pou elèv ki gen pwoblèm prezans yo menm jan pou sipòte elèv ki gen devwa kou anliy yo. Pandan nou pa toujou wè yon ogmantasyon nan prezans elèv yo baze sou entèkansyon, nou konstate ke elèv yo rete angaje alòs ke avan yo li te pwobab pou yo abandone etid yo.

Pandan nou wè entèkansyon sa yo ap amelyore pèfòmans elèv yo pou kèk ladan yo, pi souvan, entèkansyon an se lyen ki kenbe elèv yo angaje malgre obstak yo jwenn lakay yo. Dèske elèv nou yo pi gran pase elèv lekòl segondè tradisyonèl yo, plizyè ladan yo dezangaje akòz de priorite ki an konpetisyon tankou travay, angajman fanmi, oubyen lojman enstab. Sa yo se obstak reyèl ke entèkansyon sa yo pa kapab rezoud sèlman. Sepandan, se koneksyon ak konsèy lekòl la ak divès mantò ki pèmèt elèv la rete angaje nan lekòl la malgre obstak sa yo nan lide pou yo reyisi jwenn diplòm yo.

Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl

Sante mantal la gen plizyè nivo diferan. Konfyans elèv yo gen nan tèt yo kapab gen yon enpak majè sou pèfòmans yo akademikman ak sosyalman. Tankou lòt kominote lekòl yo, BATA toujou antrave avèk fatig pòs-COVID, demotivasyon ak izòlman sosyal pòs-COVID kote yo tout te ogmante bezwen sosyo-emosyonèl elèv nou yo. Entèkansyon pwopoze nou an ki genyen de (2) volè genyen sa nan lespri paske li santre sou bay chak elèv plizyè fòm sipò, ankourajman, ak gerizon nan yon nivo endividyèl. Rechèch montre ke elèv ki enplike nan divès pwogram mantora te amelyore konfyans yo gen nan tèt yo, pèfòmè pi byen nan pwogram etid pa yo, epi, apre gradyasyon, yo plis enplike ak satisfè nan travay pwofesyonèl pa yo epi gen yon pi gwo sans idantite pwofesyonèl (<https://www.apa.org/gradpsych/2014/11/mentoring-benefits>). Alafwa soutyen ak mantora e laboratwa aprantisaj la genyen tou de (2) divès wol entegre pou ekip travay sosyal nou an ak patnè referans ekstèn nou yo ki pèmèt nou reponn ak maksimòm bezwen elèv yo. Nou konstate lè nou konsantre sou elèv yo endividyèlman, nou kapab sèvi bezwen pa yo pi byen menm jan ak bati yon konfyans relasyonèl ki kapab egalman ede konbat izòlman ak demotivasyon ki soti nan COVID.

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

Èske ou pral patisipe nan reyinyon komite lekòl la pou diskite sou sibvansyon sa? W/ N. Si Non, tanpri founi non ak enfòmasyon sou kontak pou moun ki deziye a. Tanpri, fè m konnen si ou bezwen mwen

| Bidjè pou 23.24 | Èdtan | Èdtan pa Jou | Jou pa Semèn | Semèn Total | Èdtan Total | Total |
|---|--------------|---------------------|---------------------|--------------------|--------------------|--------------|
| Alokasyon Kowòdonatè Chan Kominotè | 40\$ | 4 | 4 | 35 | 608 | 22 400 \$ |
| Alokasyon Travayè Sosyal | 40\$ | | | | 36 | \$ 1,440 |
| Alokasyon Konseye Oryantasyon | 40\$ | | | | 36 | \$ 1,440 |
| Kowòdonatè Mantò PT (Konsiltan Rekritman) | 40\$ | 6 | 2,5 | 38 | 570 | 22 800\$ |
| Pri endirèk | 3,83% | | | | | 1 915 |
| | | | | | | 50 000 \$ |

Lyen pou sibvansyon konplè

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL LA – BINCA BPS24540

Èske ou te ranpli fòmilè Entansyon pou Aplike a: Wi

Si non: tanpri retade soumisyon an jiskaske fòmilè Entansyon pou Aplike a fin ranpli ak apwouve.

Èske sibvansyon an apwouve/akòde? Wi

Si Non: tanpri retade soumisyon fon sa jiskaske aplikasyon an fin apwouve.

Si Wi, tanpri atche yon lèt/imel atribisyon epi kontinye ranpli fòmilè sa.

Non Sibvansyon: FC 320 Pratik ki Pwomèt nan MassGrad

Estati: Nouvo/Renovèlman/Kontinyite: Renovèlman

Si se Renovèlman/Kontinyite:

Ki kantite Renovèlman/Kontinyasyon an:

Tip Sibvansyon: Dat Kòmansman ak Dat Finisman: 15 Septanm 2023- 25 Jen 2023

Sous Finansman: Mass DESE

Kontak Moun k ap Bay Sibvansyon an: Lisa Harney

Adrès Moun K ap Ede a: 75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn moun k'ap ede a: 781- 338- 3903

Imel moun k ap ede a: Lisa.M.Harney@mass.gov

Depatman Responsab BPS ak/oswa Lekòl (yo): Akademi Nouvo Veni Entènasyonal Boston

Direktè Pwogram BPS la: Tony King

Chèf Depatman/Direktè Lekòl: Tony King

Montan Anyèl Pri a Montan Total Prim lan (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): 50 000\$

Opsyon pou Repò a:

Elèv anviwon (oswa pwofesè, manm pèsònèl biwo santral) ki jwenn sèvis: 100

Kijan ou te fè chwazi sit sa yo? Pa Aplikab

Patnè Ekstèn Esansyèl yo (si genyen): Pa Aplikab

Priyorite:

Pwogram BINcA MassGrad pral konsantre sou de (2) domèn ki gen gwo efè levye nan objektif pou amelyore to reyisit elèv yo, ak atèm, to gradyasyon yo. Dabò, nou ap devlope divès pwòje metriz baze sou konpetans ke elèv ki te echwe oubyen riske pou yo

echwe nan yon kou kapab reyalize ak demontre metriz nòm sifizant yo pou reyisi kou a. Finansman sibvansyon an pral peye pou devlope divès nòm baze sou pwojè metriz nan matematik, syans, ESL/ELA ak istwa. Finansman sibvansyon an pral sipòte tou yon Akademi Pwojè Metriz pandan Vakans Fevriye ak Avril. Yo pral itilize materyèl yo tou nan yon Akademi Metriz lete, byenke Sibvansyon MassGrad la pa finanse lete konpetan an.

Yon dezyèm volè Pwogram MassGrad pral vin mizannèy yon modèl kotchin fen etid ki pral entegre nan pwogram Konsiltatif lekòl nou yo. Elèv ki, selon ekip oryantasyon nou an, konsiderableman an reta pral atribiye yon kotch gradyasyon. Kotch Gradyasyon yo pral gen ladan yo pèsoneèl lekòl la menm jan ak lòt elèv. Elèv pwogram Coaching yo pral resevwa yon ankadremen endividyèl ak an ti gwoup ansanm ak devlopman pwofesyonèl aprè lekòl ak pandan konsiltasyon.

Objektif:

Nan objektif pou chwazi elèv yo pou Pwogram MassGrad, nou te revize To Gradyasyon yo, to prezans yo ak to echèk kou elèv yo. Nou te itilize tou divès done kalitatif ki gen ladan l sikonstans lavi endividyèl elèv yo. Depi nan kòmansman pandemi an, lekòl nou yo te wè yon ogmantasyon nan absanteyism epi genyen yon fòt korelasyon ant yon absanteyism kwonik ak echèk kou yo. Pa egzanp, nan Boston International 41% elèv yo pa t sou bòn vwa nan kesyon prezans (jan sa mezire pa Panorama) ak pami gwoup sa, 66% elèv te yon risk kritik echèk pa rapò ak 39% pami tout elèv yo. Chif yo ankò pi grav pou elèv gwoup prezans kritik la ki se 13% elèv epi nan gwoup sa, 83% egalman kritik pou etid akademik yo. Pandan nou vle ke tout elèv yo amelyore prezans yo, Pwojè Metriz MassGrad pral pèmèt elèv ki gen difikilte prezans pou toujou pase kou a toutotan nou ap kontinye travay avèk yo sou koz pwofonn yo.

Done nou yo revele ke yon sou-gwoup patikilyèman vilnerab ak bouk echèk kou ki lye ak prezans se Ansyen elèv SLIFE yo. Boston International gen yon kantite trè elve ansyen elèv SLIFE ki ap fè fas ak yon kantite difikilte pandan yo ap pase soti nan pwograma SLIFE yo ale nan ansèyman SEI. Apa difikilte akademik pèmanan elèv FSLIFE nou yo ap konfwonte, konsa tou, yo jeneralman travay plis pase lòt elèv yo epi patisipe mwens nan pwogram sipò aprè lekòl. Pwogram MassGrad nou an pral gen yon konsantrasyon espesifik sou elèv FSLIFE yo nan klas 9èm ak 10èm ane.

Rezilta ki swete yo:

Fondamantalman, pwogram sibvansyon Mass Grad an konsantre sou ogmantasyon to gradyasyon. Nou swete avèk efò ki dekri anwo yo, nou pral ogmante alafwa to gradyasyon sou 4 ane epi to angajman nou sou 5 ane.

Si sibvansyon an se yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri bay yon deskripsyon tou kout sou sa nou jwenn yo jiska jodi a, ansanm avèk (a) ki chanjman n ap konstate? (b) Kòman sa ap chanje pratik vanse vè lavan nou an: Pa Aplikab

Si sibvansyon an ap diminye/Ogmante, tanpri, di rezon an (yo) ki koz sa: Pa Aplikab

Si se pa yon 'sibvansyon kontinyasyon', tanpri, bay Dat Rapò sou Rezilta yo pral fini ak disponib: 15 Jiyè

Objektif ki Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalistik, ak Objektif ki Limite nan Tan (SMART)

Objektif #1: Ogmante prezans chak jou an mwayèn elèv yo a 3% epi diminye absanteyism kwonik a 6%.

Endikatè: Done sou Prezans

Objektif #2: Diminye to echèk kou yo a 10%

Endikatè: Nòt kou yo.

Tanpri, presize kòman sibvansyon sa aliye avèk domèn konsantrasyon distri (*tanpri konplete seksyon sa konplètman*):

Priyòrizasyon ak akselere pèfòmans akademik yo

Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl

Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo

Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè

Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo

Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

Anfen, si sibvansyon sa te atribiye ak plizyè sit, tanpri presize kòman yo te chwazi sit sa yo pou resevwa fon yo.

Èske ou pral patisipe nan reyinyon komite lekòl la pou diskite sou sibvansyon sa? W/ N. Si Non, tanpri founi non ak enfòmasyon sou kontak pou moun ki deziye a.